

DOKUMEN MADRASAH		Nama :
SANGAT RAHASIA		No :

MADRASAH IBTIDAIYAH ISLAMIYAH KEDUNG JAMBU
PENILAIAN AKHIR TAHUN MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN AJARAN 2024/2025

Mapel : BAHASA JAWA	Hari /Tanggal : Jum'at, 25 April 2025
Kelas : VI (Enam)	Waktu : 09.30 – 11.00

I. Wenehana tandha (X) ing aksara a, b, c, utawa d marang wangsulan kang bener !

Setitekna wacan ing ngisor iki, kanggo mangsuli pitakon nomer 1-4!

Aku lan Simbah Kakung

Aku sing lagi dolanan game ana ing hp, saben menang, banjur mbengok surak seru banget. Simbahku sing wis umur wolung puluh taunan, kaget.

“Timbang kaya ngono kuwi, dolanan cangkriman karo aku, Yes”, kandhane simbah sing swarane wis rada cedhal.

“Apa mbah cangkriman kuwi?”

“Cangkriman kuwi budhaya Jawa warisan kang ora diduweni bangsa liya. Kudu diuri-uri supaya ora cures. Cangkriman padha karo badhean. Contone, *suru blekithu*, hayo...badheane apa, Yes?”

“Njenengan enteni rong menit, Mbah.”, semayaku. Aku enggal mbuka hp, browsing ing internet. “Asu turu diblegi watu, Mbah. Hehehe... saiki jaman globalisasi Mbah, apa-apa iso digoleki ana ing hp.”


Simbahku mung ngguyu sambi ngukuri mustakane sng rikmane wis putih kabeh.

- Irah-irahane wacan ing dhuwur yaiku
 - Aku lan Simbahku
 - Aku lan Mbahkung
 - Aku lan Simbah Kakung
 - Aku lan Simbah
- Badheane suru blekithu yaiku
 - Asu kuru turu watu
 - Asu kuru diblegi watu
 - Asu turu diblegi watu
 - Asu turu ketindihan watu
- Carane Yessi mangsuli badheane simbahe, yaiku kanthi
 - browsing ing internete hp
 - mikir lan ngeling-eling
 - dolanan game ing hp
 - buka buku pintar Bahasa Jawa
- Kang nuduhake pengaruh positif globalisasi yaiku
 - iso dolanan game ing hp
 - nonton video-vidio lucu
 - seneng budaya barat
 - nemokake informasi kanthi cepet
- Cangkriman uga diarani
 - badhean
 - syair

- b. pantun
d. pepindhan
6. Cangkriman yaiku unen – unen kang kudu di
a. diartekna
c. bedhek
b. jelaske
d. tulis
7. Jinise cangkriman ana
a. 3
c. 5
b. 4
d. 6
8. Ing ngisor iki jinise cangkriman, *kejaba*
a. tugelan
c. ngemu tegese pepindhan
b. wutuhan
d. prapatan
9. Cangkriman kang madhakake barang utawa kedadeyan supaya nggoleki barang sabenere, yaiku jinise cangkriman
a. ngemu teges pepindhan
c. sinawung tembang
b. wujud plesetan
d. prapatan
10. Tembang kang kanggo cangkriman sinawung tembang yaiku
a. Padhang Mbulan
c. Lir-ilir
b. Pangkur
d. Pucung
11. Walespenen, batangane yaiku
a. suwal teles pepenen
c. suwalan, tales dipanen
b. sawal teles pepenen
d. sawal bantal teles pepenen
12. Bathuk nonong mata ngeleng, cangkriman tugele yaiku
a. thuknotaleng
c. thuknongmaleng
b. thuknongtaleng
d. thuknomange
13. Nanas, cangkrimane yaiku
a. pitik walik saba meja
c. sega sakepel dirubung laler
b. pitik walik saba kebon
d. sega sakepel dirubung tinggi
14. Simboke dielus-elus, anake diidak-idak, batangane
a. ngibarke gendera
c. keset
b. timba
d. andha
15. Yen anake loro ibune siji, yen anake siji ibune loro, yen ibune telu ora duwe anak. Batangane
a. salak
c. bawang
b. bung pring
d. brambang
16. Pak Miran yen disuguh iwak, ngapa endhase mesthi digawa mulih? Batangane
a. endhase nggo pakan kucing
c. endhase mbah Miran dewe
b. Mbah Miran ra seneng endhas
d. rung rampung olehe dhahar iwak

17. Bapak pucung dudu watu dudu gunung
Sangkamu ing sabrang
Tumpakane sang bupati
Yen lumampah si pucung lembahan grana
Batangane
- a. badak
b. gajah
c. kuda nil
d. jerapah
18. Bapak pucung renteng-renteng kaya
Ombenmu ing sendhang
Pencokanmu lambung kering
Prapteng wisma si pucung mutah kuwaya
Tembung kanggo njangkepi cangkriman ing dhuwur yaiku
- a. kalung
b. rantang
c. sepur
d. tangan

Setitekn gamba ring ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 19 lan 20!



19. Nomer 3 mengisor. Lastri bocah Sinau ora ndadak dikongkon, tangi turu gage wudhu sholat subuh, banjur sabiyantu gaweyan omah.
- a. kendel
b. lantip
c. prigel
d. sregep
20. Nomer 4 menengen. Kambil enom diarani
- a. degan
b. manggar
c. bluluk
d. glugu
21. Pidhato uga diarani kaya ing ngisor iki, *kejaba*
- a. guneman
b. sesorah
c. tanggap wacana
d. medhar sabda
22. Ing ngisor iki apa kang dibutuhake nalika tampil pidhato, *kejaba*
- a. kewanen
b. percaya awake dewe
c. paham isine
d. sandhangan larang

23.

- | |
|-------------------------------------|
| I. Intonasi munggah mudun |
| II. Kerep nganggo ukara ora jangkep |
| III. Migunakake tembung baku |
| IV. Intonasi datar |

Kang kalebu titkane pidhato ora resmi yaiku

- | | |
|--------------|---------------|
| a. I lan III | c. II lan III |
| b. II lan IV | d. I lan II |

24. Perangane teks pidhato kang miwiti andharan diarani

- | | |
|------------|------------|
| a. pambuka | c. wasana |
| b. isi | d. dudutan |

25. Isi pidhato uga diarani

- | | |
|------------|-----------|
| a. pambuka | c. wasana |
| b. dudutan | d. surasa |

26. “*Cekap semanten atur kula. Mbokbilih wonten klenta-klentunipun atur, dhalem nyuwun pangapunten ingkang kathah.*”

Ukara ing dhuwur kalebu perangane pidhato sing aran

- | | |
|-----------|------------|
| a. bebuka | c. surasa |
| b. wasana | d. dudutan |

27. Tuladahe bahasa kang digawe ing pidhato resmi yaiku

- a. dulur-dulur kabeh wis gek ndang dha urunan
- b. bocah-bocah sekolah kudu dhisiplin sinau
- c. cah-cah cilik ra oleh dolanan neng njero kelas
- d. wis gah aku nerusne padhatoku, ra enek sing ngrungokne

28. Pidhato sing bisa nengsemake sing dipidhatoni becike

- | | |
|------------------------------------|-----------------------------|
| a. maca naskah pidhato | c. ngembangake cengkorongan |
| b. ngapalne kabeh sing wis ditulis | d. sing penting wani omong |

29. “*Inkang kula urmati Bapak/Ibu guru sedaya, sarta kanca-kanca ingkang tansah kula tresnani. Matur suwun sanget partisipasi panjenengan sedaya nyengkuyung adicara punika.*”

Perangan pidhato sing ditulis kaya ing dhuwur, diarani

- | | |
|------------------|------------|
| a. salam pambuka | c. dudutan |
| b. salam panutup | d. wasana |

30. Salah sijine padhato resmi, yaiku

- | | |
|-----------------------------------|--|
| a. pidhato nglumpukake warga | c. pidhato ngresmekake gedhung sekolah |
| b. pidhato ing upacara dina Senin | d. pidhato Presiden tanggal 17 Agustus |

31.

1. pembuka	a. wasana
2. isi	b. purwaka
3. penutup	c. surasa

Pasangan tembung ana ing kolom kiwa lan tengen kang bener, yaiku

- a. 2b, 3c, 1a
- b. 1b, 2c, 3a
- c. 1c, 2b, 3a
- d. 1b, 2a, 3b

32. *“Kancaku kabeh, sawise ngrungokake pidhatoku iki mau, aku pengen kancaku kabeh sregep sinau lan duwe gegayuhan sing dhuwur.”*

Ukara ing dhuwur kalebu perangan pidhato sing aran

- a. bebuka pidhato
- b. dudutan pidhato
- c. wasana pidhato
- d. pangajab

33. *“Mekaten ingkang saget kula aturaken, mbokbilih wonten sisip sembiripun tetembungan kula, kula nyuwun agungipun pangapunten ingkang mawantu-wantu.”*

Cuplikan pidhato iki, ing perangan pidhato diarani

- a. isi pidhato
- b. dudutan pidhato
- c. wasana pidhato
- d. salam panutup

34. *“Kranten bapak mubaligh sampun rawuh, para hadirin diaturi jumeneng sak untawis kagem penghormatan.”*

Tembung jumeneng tegese

- a. lungguh
- b. ngadek
- c. meneng
- d. anteng

35. Cengkorongan pidhato becike digawe nalika

- a. bareng karo pidhato
- b. sadurunge pidhato
- c. sabubare podhato
- d. ditakokake dhisik

II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi jawaban sing bener !

36. Golekana batangane cangkriman ing ngisor iki!

- a. Dikethok malah dhuwur
- b. Pakboletus
- c. Anake gelungan, simboke ore-ore

37. Sebutna jinis-jinise cangkriman!

38. Gawea 1 wae cangkriman sinawung tembang!

39. Apa wae titikane pidhato resmi?

40. Gawea teks pidhato bagian pambuka!